ФИФI ФЫМЫГЪЭПУД, ФИ IЕЙ ФЫМЫГЪЭПЩКIУ

# АДЫГЭ ПСАЛЪЭ

АДЫГСКОЕ СЛОВО

КъБР-м И ПАРЛАМЕНТЫМРЭ ПРАВИТЕЛЬСТВЭМРЭ Я ГАЗЕТ
ГАЗЕТА ПАРЛАМЕНТА И ПРАВИТЕЛЬСТВА КБР

1924 ГЪЭМ И МЭКЪУАУЭГЪУЭ МАЗЭМ И 1 ЛЪАНДЭРЭ КЪЫДОКI

№208 (23.116) • 2015 гъэм жэпуэгъуэм (октябрым) и 27, гъубж • Тхьэмахуэм тхуэ къыдокI • И уасэр зы тумэнщ • adyghe@mail.ru adyghepsale.ru

**КЪЭБЭРДЕЙ-БАЛЪКЪЭР РЕСПУБЛИКЭМ И IЭТАЩХЬЭ КIУЭКIУЭ ЮРИЙ «УРЫСЕЙ-1» (КъБР) ТЕЛЕКАНАЛЫМ ЗЫЩЫПЫФЩIЭУ ФЕПСАЛЪЭ ХЪУНУЩ ЖЭПУЭГЪУЭМ И 31-М СЫХЬЭТ 18.10-м**



Фи упщIэхэр 8(8662) 40-76-19, 8(8662) 40-43-07 телефонхэмкIэ фыпсалъэу евгъэтх е видео тхыгъэу press-glava@kbr.ru электрон пощтымкIэ евгъэхь хъунущ.



## КIуэкIуэ Юрий Урысейм телерадиовещанэмкIэ и сетхэм я унафэщIым и къуэдзэ Теребиленкэ Борис хуэзащ

КъБР-м и Iэтащхьэ КIуэкIуэ Ю. А. дыгъуасэ лэжьыгъэ IуэхукIэ Правительствэм и Унэм щыхуэзащ «Урысейм телерадиовещанэмкIэ и сетхэр» федеральнэ къэрал предприятэ зэгуэтым и генеральнэ директорым и къуэдзэ Теребиленкэ Б. Н. ЗэIущIэм щытепсэлъыхьащ бжыгъэхэр зи лъабжьэ технологиехэм тет телевиденэм Къэбэрдей-Балъкъэрым зыщегъэужьыным.

Иджыпсту республикэм исхэм я процент 99-м щIигъум къагъэсэбэп бжыгъэхэр зи лъабжьэ телевиденэм и Iуэхутхьэбзэхэр. Абы папщIэ ди деж лажьэу щаутIыпщащ япэ мультиплексым хиубыдэ ухуэныгъэу 38-рэ. Абы сом мелуан 423,6-рэ трагъэкIуэдащ. «ЕхъулIэныгъэхэр диIэми, дэ абдеж дыкъыщыувыIэ хъунукъым», - къыхигъэщхьэхукIащ КIуэкIуэ Юрий, «2009-2018 гъэхэм УФ-м радиовещанэм зыщегъэужьыныр» Федеральнэ программэ хэхар гъэзэщIэным ехьэлIа къалэнхэм я гугъу щищIым.

*КъБР-м и Iэтащхьэмрэ Правительствэмрэ я пресс-IуэхущIапIэ.*



## Прохладнэ районым и щIыпIэ администрацэм и Iэтащхьэ Ячный Игорь

КъБР-м и Прохладнэ муниципальнэ районым и Iэтащхьэм и къулыкъур зыубыдынур гъэбелджылыным теухуа конкурсым кърикIуахэр къалъытэри, щIыпIэ унафэр зегъэкIуэнымкIэ советым иджыблагъэ иригъэкIуэкIа сессием а щIыналъэм и Iэтащхьэу депутатхэм зэакъылэгъуу щыхахащ Ячный И. В.

Ячный Игорь 1965 гъэм Налшык къалэм къыщалъхуащ. Мейкъуапэ дэт автотранспорт техникумыр, Къэбэрдей-Балъкъэр агромелиоративнэ институтыр «инженер-техник» IэщIагъэмкIэ къиухащ.

1993 гъэм щыщIэдзауэ «Степной» Iэщ лъэпкъыфI завод» акционер зэгухьэныгъэм и инженер нэхъыщхьэу, генеральнэ директору лэжьащ.

КъБР-м и мэкъумэш хозяйствэм щIыхь зиIэ и лэжьакIуэщ. КъБР-м и Парламентым и ещанэ хэхыгъуэм и депутату щытащ.

Абы Прохладнэ муниципальнэ районым и щIыпIэ администрацэм и Iэтащхьэм и къалэнхэр 2015 гъэм и мэкъуауэгъуэ лъандэрэ игъэзэщIащ.

## Дэ диIэщ дгъэлъэгъуэн

Котляровхэ Мариерэ Викторрэ я тхылъ тедзапIэм илъэсыщIэм ирихьэлIэу къыдигъэкIынущ «Къэбэрдей-Балъкъэрым и щIыпIэ телъыджэу 100» зыфIаща тхылъыр.

«Гъуэгугъэлъагъуэ мардэм тету зэхэдгъэува тхылъым энциклопедие цIыкIукIэ деджэкIи дыщыуэнукъым», - жеIэ IэдакъэщIэкIыр зей Котляров Виктор.

Тхылъыр къызэIуех ди республикэм и щIыпIэ нэхъ дахэхэм ятеухуа тхыгъэкIэ. КIэух псалъэми къыхощ лъахэр зей лъэпкъхэм къадэгъуэгурыкIуэ щэнхабзэмрэ тхыдэ гъэщIэгъуэныщэмрэ.

«100 чудес Кабардино-Балкарии» тхылъым ихуащ куэд зыщымыгъуазэ щIыпIэ нэхъ пхыдза дыдэхэм зи лъэр теува тхакIуэ-къэхутакIуэм зэхуихьэса теплъэ телъыджэхэмрэ абыхэм ятеухуа хъыбархэмрэ. «Ди щIыналъэм къакIуэхэр сыт щыгъуи зыщIэупщIэр Iуащхьэмахуэ лъапэ, Шэджэм псыкъелъэхэр. Гуэл щхъуантIэхэр аращ. НэгъуэщI диIэу ящIэркъым. Ауэ щыхъукIэ дэ щIыпIэ гъэщIэгъуэну диIэр гъунапкъэншэщ. А псом дунейр щыдгъэгъуэзэнырщ ди къалэну къэтлъытэр. Ди тхылъри абыкIэ гъуазэ хъуну дыщогугъ», - къыхигъэщащ Котляровым.

**ШЭРЭДЖ Дисэ.**



## Тэрч районым и щIыпIэ администрацэм и Iэтащхьэ Бэлэтокъуэ Владимир

КъБР-м и Тэрч муниципальнэ районым и Iэтащхьэм и къулыкъур зыхуэфащэр гъэбелджылыным теухуауэ екIуэкIа конкурсым кърикIуахэр къалъытэри, щIыпIэ унафэр зегъэкIуэнымкIэ советым и 43-нэ сессием а щIыналъэм и Iэтащхьэу щыхахащ Бэлэтокъуэ В. Хь.

Бэлэтокъуэ В. Хь. 1960 гъэм гъатхэпэм и 30-м Тэрч районым щыщ Урожайнэ къуажэм къыщалъхуащ. Абы Къэбэрдей-Балъкъэр къэрал университетыр «бухгалтер-экономист» IэщIагъэр иIэу къиухащ.

Тэрч районым хыхьэ Урожайнэ къуажэм щыIа колхозым и экономисту лэжьэн щIидзащ, цIыхухэм щIэныгъэ егъэгъуэтын IэнатIэм, налог органхэм щыIащ.

1988 гъэм къыщыщIэдзауэ УФ-м и Пенсэ фондым и къудамэу КъБР-м щыIэм и унафэщIым и къуэдзэу щытащ.

2015 гъэм и бадзэуэгъуэм къыщыщIэдзауэ Тэрч щIыналъэм и администрацэм и Iэтащхьэм и къалэнхэр игъэзэщIащ.

КъБР-м и Парламентым, Правительствэм я ЩIыхь тхылъхэр къратащ.

*КъБР-м и Iэтащхьэмрэ Правительствэмрэ я пресс-IуэхущIапIэ.*

**• Къэбэрдей-Балъкъэрым и къуажэхэм я махуэшхуэхэр**

# Зеикъуэм и тхыдэ хьэлэмэтыр

**2015 гъэм жэпуэгъуэм и 25-р Зеикъуэ (ХьэтIохъущыкъуей Ипщэ) къуажэм и тхыдэ къулейм Iуэхугъуэ гукъинэжхэмкIэ гъэнщIа махуэ угъурлыуэ хыхьэнущ. А махуэм Iэтауэ ягъэлъэпIащ я жылэр илъэс щиплI зэрырикъур. Я щхьэм, я блэкIам пщIэ зэрыхуащIыжым, я къэкIуэнум зэрегупсысым и щыхьэту, жьыуэ хузэщIэтэджат зеикъуэдэсхэр я гуфIэгъуэм. Дунейр уфауэ нэху къекIами, цIыхухэр нэжэгужэт, инми цIыкIуми зыкърахырт, къапэплъэ Iуэхухэм хуэжыджэрт.**

ШАФИЙ Хьэчим и цIэр зезыхьэ курыт еджапIэм ныбжьыщIэхэр уэру щыпэкIурт, абы къыщыхалъхьэну конференцым хэтыну хьэщIэхэр кърагъэблагъэрт, къуажэм къыдэкIа еджагъэшхуэхэм, тхакIуэхэм я IэдакъэщIэкIхэр, я цIыху цIэрыIуэхэм ятеухуа тхыгъэхэр щызэхуэхьэса выставкэм ирагъэплъырт.

Конференцыр иригъэкIуэкIащ «Адыгэ псалъэ» газетым и редактор нэхъыщхьэ, Къэбэрдей Адыгэ Хасэм и тхьэмадэ **ХьэфIыцIэ Мухьэмэд**. ТхакIуэ **Къэрмокъуэ Хьэмид**, КъБКъУ-м и профессорхэу **Унэж Кашиф**, **Шурдым Барэсбий** сымэ ХьэтIохъущыкъуей Ипщэм и тхыдэм зэпкърыхауэ къытеувыIащ, бэм IэфIу ягу къинэжа, зи фэеплъхэм дапщэщи пщIэ хуащI нэхъыжьыфIхэу зэман жыжьэм икIи хъыжьэм щхьэмыгъазэу лъэпкъым хуэлэжьахэм, я пщIэмрэ я щIыхьымрэ зыхъумахэм я шыфэлIыфэу щытар, ягъэхъахэр зэхуэсахэм хуаIуэтащ.

Зытраухуа пIалъэр къыщысым, Зеикъуэм и илъэс щиплIым хуагъэхьэзыра нэгузыужь Iуэхугъуэхэр, лъэр щIэзыгъэкI макъамэхэм щIэту, ЩэнхабзэмкIэ унэм и пщIантIэшхуэм щызэхаублащ. ГуфIэгъуэр даIэтыну къуажэдэсхэм къахуеблэгъат Къэбэрдей-Балъкъэрым и Премьер-министр **Мусуков Алий**, Бахъсэн муниципальнэ щIыналъэм и щIыпIэ администрацэм и Iэтащхьэ **Сыжажэ Хьэсэн**, КъБР-м и Парламентым законодательствэмкIэ, къэрал ухуэкIэмрэ щIыпIэ унафэр зегъэкIуэнымкIэ и комитетым и унафэщI **Мэлбахъуэ Борис**, Къэрэшей-Шэрджэсым и Iэтащхьэмрэ Правительствэмрэ я Администрацэм и тхьэмадэм и къуэдзэ **Астэжь Францескэ**, КъШР-м и ЦIыхубэ Зэхуэсым промышленностымкIэ, транспортымкIэ, ухуэныгъэхэмкIэ, энергетикэмрэ связымкIэ и комитетым и унафэщI **Къэзанокъуэ Кърым**, республикэм и районхэм я лIыкIуэхэр, жылагъуэ лэжьакIуэхэр, творческэ гупхэр.

Къуажэ администрацэм и Iэтащхьэм и къуэдзэ **ХьэцIыкIу Заур** махуэшхуэ зэхыхьэр къызэIуиха нэужь, **Мусуков Алий** зэхуэсахэм фIэхъус псалъэкIэ захуигъэзащ.

- ПщIэ зыхуэтщI зеикъуэдэсхэ, хьэщIэ лъапIэхэ! Къэбэрдей-Балъкъэрым и Iэтащхьэмрэ Правительствэмрэ я цIэкIэ республикэм дежкIэ мыхьэнэшхуэ зиIэ нобэрей гуфIэгъуэ Iуэхугъуэм хэт псоми сэлам гуапэ фызох, Зеикъуэ къуажэр илъэс щиплI зэрырикъумкIэ сынывохъуэхъу. Фи жылэм и тхыдэ хьэлэмэтыр зэман жыжьэм къуэпс быдэкIэ зэрапыщIар мы зэхыхьэм къегъэлъагъуэ. ЕпщыкIутIанэ лIэщIыгъуэм и пэщIэдзэ лъандэрэ фи адэжьхэр мы щIыпIэм щыпсэуащ. Абыхэм къадекIуэкIа, ди нобэм къахьэса хабзэхэм, къатепщIыкIыжа фи лъахэгъухэм ину фригушхуэ хъунущ. Апхуэдэщ тхакIуэ, щIэныгъэлI, артист, спортсмен цIэрыIуэхэр, къэрал лэжьакIуэхэр. Нобэрей фи щIэблэр абыхэм я щапхъэм зэрытетыр, а хабзэ гъуэзэджэхэр зэрахъумэр, зэрагъэбагъуэр гуапэщ. Къэрал дамыгъэ лъапIэхэр зыхуагъэфэща лэжьакIуэжьхэр фи мащIэкъым. КъищынэмыщIауэ, нобэрей гуфIэгъуэ махуэм ехъулIэныгъэщIэкIэ фрохьэлIэри, мамыр гъащIэ, зыузэщIыныгъэ фиIэну, щIэныгъэм, егъэджэныгъэм, щэнхабзэм я IэнатIэхэм зэфIэкI къыщывгъэлъэгъуэну, фи унагъуэм, республикэм, ди Урысей къэралыгъуэм я сэбэп зыхэлъ IуэхуфIхэр къывэхъулIэну си гуапэщ, пщIэ зыхуащI зеикъуэдэсхэ! - къыхигъэщащ Премьер-министрым.

Хъуэхъухэр зэфIэкIа нэужь, артист ныбжьыщIэхэм зыкъагъэлъэгъуащ, творческэ гупхэм, уэрэджыIакIуэ цIэрыIуэхэм концерт купщIафIэ ятащ.

ГуфIэгъуэ махуэшхуэм теухуа тхыгъэ зыубгъуа ди газетым тетынущ.

**ХЬЭЖЫКЪАРЭ Алик.**



**Зеикъуэ къуажэр илъэс 400 зэрырикъур щагъэлъапIэ гуфIэгъуэ пэкIум хэтщ Мусуков Алий, Астэжь Францескэ, Сыжажэ Хьэсэн сымэ.**
*Сурэтыр* **Iэхъуэбэч ХьэзрэIил** *трихащ.*

# Зэманым дэщIэращIэ Къэрэгъэш

**Ди республикэм и жылэ нэхъ дахэхэм икIи зи Iуэхур нэхъ дэкIхэм ящыщ Къэрэгъэш къуажэр къызэрызэрагъэпэщрэ илъэси 150-рэ ирикъуащ.**

ТХЫДЭМ и дежкIэ, зэрытлъагъущи, зэманышхуэкъым, ауэ абы къриубыдэу ар хуабжьу цIэрыIуэ ящIащ жылэм и цIыху гуащIафIэхэм. ЖыпIэну ирикъунщ абыхэм ящыщу цIыхуищым - колхоз тхьэмадэу илъэс 20-м щIигъукIэ лэжьа Iэбубэчыр Нажмудин, нартыхугъэкI механизатор щэджащэхэу Емышэ Хьэлий, Кхъуэтепыхьэ Мухьэмэд сымэ «Социалист Лэжьыгъэм и ЛIыхъужь» цIэ лъапIэр къызэрыфIащар. Абы и мызакъуэу, гъащIэм и IэнатIэ псоми къыщахьа ехъулIэныгъэ инхэмкIэ зыщытхъужыфынущ жылэ Iумахуэм щыпсэухэр.

Тхьэмахуэ кIуам, жэпуэгъуэм и 25-м, Iэтауэ ягъэлъэпIащ а юбилей гъуэзэджэр. ЗэIущIэр къызэIуихащ къуажэм и щIыпIэ администрацэм и Iэтащхьэ **Мамхэгъ Мурат**. ИужькIэ псалъэ иратащ гуфIэгъуэр даIэтыну яхуеблэгъа хьэщIэ лъапIэхэм. Къэбэрдей-Балъкъэрым и Правительствэм и УнафэщIым и япэ къуэдзэ **Дадэ МуIэед** къеджащ республикэм и Iэтащхьэ КIуэкIуэ Юрий Къэрэгъэш щыпсэухэм хъуэхъукIэ зэрызахуигъэзам икIи езым и щхьэкIи Правительствэм и цIэкIи къуажэдэсхэм узыншагъэ быдэрэ насыпрэ яIэну зэригуапэри жиIащ, абы къыдэкIуэуи жылэм и нэхъ цIыху пажэхэм Правительствэм и щIыхь тхылъхэр яритащ.

Апхуэдэ къалэн дахэр ягъэзэщIащ КъБР-м и Парламентым УхуэныгъэмкIэ, ЖКХ-мрэ гъэсыныпхъэ комплексымкIэ и комитетым и унафэщI **Гриневич Валерийрэ** Къэрэгъэш къуажэр зыхыхьэ Прохладнэ районым и щIыпIэ администрацэм и Iэтащхьэ **Ячный Игоррэ**, нэгъуэщI хьэщIэ лъапIэхэм.

ИужькIэ щIадзащ концерт-театр гъэлъэгъуэныгъэм. ГуфIэгъуэр ягъэдэхащ ди республикэм и артист цIэрыIуэхэм, спорт зэпеуэ зэмылIэужьыгъуэхэм.

Къэрэгъэш къуажэм и къекIуэкIыкIам, и цIыху цIэрыIуэхэм, и нобэрей гъащIэм ятеухуа тхыгъэ зыубгъуа ди газетым тетынущ.

**ШАЛ Мухьэмэд.**



*Сурэтыр* **Мамий Руслан** *трихащ.*




## Качиньский Ярослав и партыр щытокIуэ

**Тхьэмахуэ махуэ кIуам Польшэм парламент хэхыныгъэхэр щызэхэтащ.**

Зэрагугъэауи, абы щытекIуащ «Хабзэмрэ захуагъэмрэ» партыр, хэхакIуэхэм я процент 40-м нэблагъэм Iэ зыхуаIэтар. Партым и унафэщIщ къэралым и премьер-министру щыта Качиньский Ярослав. Польшэм и сеймым хэт депутат 460-м щыщу 242-р а партым и лIыкIуэу щытынущ иджы. Я текIуэныгъэм щытрагъэпсэлъыхьым, Качиньскэм дзыхь къезыгъэзахэм, и Iуэху еплъыкIэхэр къыдэзыIыгъ псоми фIыщIэ яхуищIащ икIи къыхигъэщащ: «Дэ дыщылэжьэн хуей зэманщ къэунэхур. Дэ нэхъыбэ дыхъуху кIи нэхъыфIщ, сыту жыпIэмэ къалэнышхуэхэр къытпэщытщ».

ЕтIуанэ увыпIэр къэзыхьар Польшэм и правительствэм и унафэщI Копач Евэ зи унафэщI партырщ - «Гражданская платформа» жыхуиIэрщ. Илъэсий хъуауэ а партырщ сеймым унафэ щызыщIыр.

## Аргуэру гъэмахуэ зэманым топсэлъыхь

**Дызэрыщыгъуазэщи, ди къэралым сыхьэтыр зэи щамыгъэIэпхъуэну унафэ къащтащ, ауэ ар зэрахъуэкIыжынкIи хъунущ.**

Калининград думэм и депутатхэм ягъэхьэзыращ «Зэманыр къызэрабжым теухуауэ» къэрал хабзэм зэхъуэкIыныгъэхэр хэлъхьэным ехьэлIа законопроект. Абы ипкъ иткIэ Урысей Федерацэр гъэмахуэ зэманым техьэжынкIэ хъунущ 2016 гъэм гъатхэпэм и 13-м.

Проектым щыубзыхуащ УФ-м сыхьэт бжыгъэр къызэрыщабж елъытакIэ иджыри зы зонэ - Чукотскэ автономнэ округым папщIэ - къыщызэгъэпэщын хуейуэ. КъимыдэкIэ, ещанэ зонэм, Москва зы сыхьэткIэ япэ итым, хагъэхьэнкIэ хъунущ Дагъыстан, Ингуш, Къэбэрдей-Балъкъэр, Къалмыкъ, Къэрэшей-Шэрджэс, Коми, Марий Эл, Мордовие, Осетие Ищхъэрэ - Алание, Тэтэрстан, Шэшэн, Чувашие республикэхэр, апхуэдэуи Ставрополь крайр, Астрахань, Волгоград, Киров, Новгород Ищхъэрэ, Пензэ, Саратов, Ульянов областхэр, Ненецкэ автономнэ округыр.

Сыхьэтыр и пIэм игъэтыным теухуа унафэу Урысейм и цIыхухэм я процент 73-р зи телъхьэу щытар иджы якъутэжыну яужь щIихьар гурыIуэгъуэкъым. Зэманыр егъэкIуэтэкIын-къегъэкIуэтэкIыжыныр цIыхухэм я узыншагъэм зэран зэрыхуэхъур зэкъым дохутырхэм зэрыжаIар, итIани, нэгъуэщI ящIэн ямыгъуэтми ярейуэ, абы фIэкIа Iуэху яIэкъым. Сыту зэ ямыужэгъурэ?

Сыхьэтым зэманыр къызэрыпибжыкIыр уэ езым зэбгъэзэхуэнырщ нэхъ тэмэмыр. ПщэдджыжьыкIэ нэхъ пасэу нэхулъэ къызэкIэщIитхъэрэ - жьыуэ къэтэджи уи Iуэху щIэ, е пщыхьэщхьэм нэхъ кIасэу кIыфI хъуми - аракъэ. Зэманыр щызу къэзыгъэсэбэпыну хуейхэм щхьэусыгъуэ къалъыхъуэркъым, махуэм щыщу зы сыхьэт къытхущIывгъу жаIэу.

## НОБЭ

♦Тыркумэн къэралыгъуэм и щхьэхуитыныгъэм и махуэщ

♦1895 гъэм Транссыбыр гъущI гъуэгум и япэ Iыхьэр ухуэн яухащ.

♦1873 гъэм Америкэм щыщ хьэрычэтыщIэ Глидден Джозеф гъущI кIапсэ банэр къызэригупсысам щыхьэт техъуэ тхылъ кърататащ.

♦1927 гъэм Москва къыщызэIуахащ лэжьакIуэ щIалэгъуалэм я театр нэхъыщхьэр. Иджыпсту ар Ленком театрырщ.

♦1984 гъэм Байкал-Амур гъущI гъуэгум и лъэщагъ псомкIи лэжьэн щIидзащ - мафIэгухэр зэман пыухыкIам тету лъэныкъуитIымкIи кIуэуэ зэтраублащ.

♦1940 гъэм Налшык къыщызэIуахащ Къэбэрдей, Балъкъэр къэрал драмэ театрхэр.

♦Италием щыщ композитор, скрипач **Паганини Николо** къызэралъхурэ илъэс 233-рэ ирокъу.

♦Урыс биолог, селекционер цIэрыIуэ **Мичурин Иван** къызэралъхурэ илъэси 160-рэ ирокъу.

♦США-м и 26-нэ президент, Нобель и саугъэтым и лауреат **Рузвельт Теодор** къызэралъхурэ илъэси 157-рэ ирокъу.

♦Совет актёр, режиссёр, СССР-м и цIыхубэ артист **Жаров Михаил** къызэралъхурэ илъэси 116-рэ ирокъу.

♦Совет уэрэджыIакIуэ, УФ-м щIыхь зиIэ и артисткэ **Руслановэ Лидие** къызэралъхурэ илъэси 115-рэ ирокъу.

♦ТхакIуэ, журналист **Къамбий Джэфар** и ныбжьыр илъэс 73-рэ ирокъу.

♦Актёр, уэрэджыIакIуэ, УФ-м и цIыхубэ артист **Караченцов Николай** и ныбжьыр илъэс 71-рэ ирокъу.

**Дунейм и щытыкIэнур**

«pogoda.yandex.ru» сайтым зэритымкIэ, Налшык пшэр техьэ-текIыу щыщытынущ. Хуабэр махуэм градуси 7 - 10, жэщым градуси 5 - 6 щыхъунущ.

*Зыгъэхьэзырар* **ЖЬЭКIЭМЫХЪУ Маринэщ.**

**Лъэпкъ Iущыгъэ:**

**ХьэщIэр бысымым и гъэрщ.**

# Елгъэр Кашиф и ныбжьыр илъэс 80 ирокъу

## Шыныбэпхыр щIэкъуэзэ, ныбжьэгъу!

**Елгъэр Кашиф и тхылъ къомым ярытхэм тепсэлъыхьыныр сэ къыщыслъымыскIэ, и зы тхыгъэ мыин дыдэ, нэхъ щхьэтечу жысIэнщи, «Пшагъуэм игъэпщкIу удхэр» зыфIища рассказым тIэкIу сытепсэлъыхьынт.**

АР ЩИТХА зэманым сыщыгъуазэкъым, ауэ зытетар 1995 гъэм къыдэкIа «Iуащхьэмахуэ» журналым и етIуанэ номерырщ. РассказкIэ сфIэпIащэIуэу, повесткIэ сфIэмащIэIуэу, фIищари мыгурыIуэгъуэ дыдэу къызэрысфIэщIам щхьэкIэ, «мыбы къыхиIуа гуэрыр сыт», жысIэу тIэкIуи сыхуэшхыдэ щIыкIэу сыхэджыхьурэ, къызэзгъэдзэкIа тхыгъэм и пэм къыщIэздзэжын хуей хъуащ.

Дауи, къыхэзджыкIа тIэкIум сызрашэлIат, сыдахьэхат. Кашиф итха псом мыр ящхьэуи, телъыджэрэ хуэди щымыIэжу жысIэркъым. Ауэ абы аргуэру зэ си фIэщ ищIащ тхакIуэр гъащIэм нэ жанкIэ зэрыхэплъэр, ди зэман цIэнтхъуэрыгъуэм дэджалэу псэм япэ ирагъэщ напэр зыфIэкIуэда цIыхухэр дунейм тез зэрыхъуам зэрытегузэвыхьыр.

Зыми гу зылъимыта Iуэху щIэщыгъуэкъым Кашиф и рассказым къыщиIэтыр. Уеблэмэ ягъэукъуея жыхуэтIэм хуэдэщ. Ауэ тхакIуэм литературэм и Iэмал шэрыуэхэмкIэ зэпкърихыу ди пащхьэм кърилъхьа темэжьыр щIэщыгъуэ тщищIри, ди фIэщи ищIащ. Ди цIыху гъащIэ тIэкIум хэлъ хьэзабышхуэр, цIыхупсэм игъэв бэлыхьым и инагъыр, нэхъ къабзэ дыдэу щытын хуей напэм етпэсыфыр гум щIыхьэу, пэжагъ хэлъу щыдигъэлъэгъуа Кашиф и рассказыр къеджэ псоми зыхащIэну къысфIощI.

И ныбжьыр илъэс 80 хъуащ жытIэу нобэ Елгъэр Кашиф щIэдгъэлъапIэр, дауи, зэрытхакIуэрщ. Ауэ си дежкIэ ар тхакIуэ къудейкъым. Кашиф сэрэ куэд щIауэ дызэроцIыху, дызэдэлэжьащ, дызэныбжьэгъущ, ди гупсысэ зэтохуэ, ди дзыхь зыдогъэз. Ар псэлъэгъу губзыгъэщ, чэнджэщэгъу щхьэпэщ, нэ къабзэкIэ дунейм теплъэф, илъагъур акъыл жанкIэ зэзыгъэзэхуэф цIыхущ. Бгым щIэгъэкъуауэ щымытами, Кашиф гъащIэ тынш иIакъым. Ар ящыщщ зи сабиигъуэр зауэм хиубыда, абы кърикIуа гугъуехьхэр нэхъыбэу зыгъэва ныбжьыщIэхэм.

Ди гупэ зэхуэгъэзауэ, зы пэш дыщIэсу редакцэм дыщызэдэлэжьащ Елгъэрым сэрэ. Ар сытым щыгъуи ящыщащ лэжьыгъэм хьэлэлу, ныбжьэгъухэм гу пцIанэу ябгъэдэт, пэжыр зи нэрыгъ журналистхэм.

Жыжьэ плъэф икIи абы губзыгъэу кIэлъыгупсысэжыф тхакIуэщ Кашиф. Абы щыхьэт тепщIэ хъунущ иужьрей илъэсхэм иригъэкIуэкI лэжьыгъэ щхьэпэхэр. Апхуэдэщ Мухьэмэд бегъымбарым теухуа тхылъышхуэр абы адыгэбзэкIэ хъарзынэу зэридзэкIыу езыр щылажьэ «Iуащхьэмахуэ» журналым къызэрытрыригъэдзар, иужькIэ тхылъ щхьэхуэу къызэрыдигъэкIыжар. А лэжьыгъэ гугъум Кашиф къарушхуэ тригъэкIуэдащ, хъарзынэуи ехъулIащ. Абы игъэгушхуауэ, Iуэхум нэхъри хуэIэижь хъуауэ Елгъэрым нэхъ къалэн иныж къищтащ, абы адыгэбзэкIэ зэридзэкIащ КъурIэныр.

Сэ сыщыгъуазэщ Кашиф абы къаруушхуэ зэрырихьэлIам, гугъуехь ини зэрыдишэчам.

Елгъэрыр зи гум илъыр зи бзэгупэм пылъу, зи Iэгур зи Iэнэу псэу цIыху хьэлэлщ. Адыгагъэ зыхэлъ, адыгэпсэ зыхэт, и лъэпкъым и фIым щыгуфIыкI, и гуауэм игъэдзыхэ а цIыху щыпкъэр зэрытхакIуэ, журналист Iэзэм къыдэкIуэу, губзыгъэу дунейм тет, щапхъэ зытрах щхьэгъусэщ, адэщ икIи адэшхуэщ. ТхакIуэм и лэжьыгъэ гугъум щхьэгъусэм къалэн гуэр щимыгъэзащIэу жыпIэ хъунукъым. Къэбэрдей-Балъкъэрым щынэхъ ин республикэ библиотекэшхуэм илъэс куэдкIэ щылэжьа Зое щхьэгъусэ къудейкъым Кашиф дежкIэ, атIэ дэIэпыкъуэгъушхуэщ.

АтIэ, Елгъэр и къуэу ди къуэшыфI Кашиф, лIыжь ухъуауэ тхьэ щумыIуэу мы сэ бжесIэм къыщIэдэIу. Мы нобэ уэ бгъэщIагъуэ илъэс 80-м дэри дебакъуэри, илъэс зытхухи дэкIыжащ. Ауэ къэхъуаишхуи щыIэ хуэдэкъым. Жьы ухъу щхьэкIэ умыгужьей. Аращ насып жыхуаIэжыр – уопсэу. Ауэ сэ уэ фIыуэ узоцIыху, Кашиф, икIи си фIэщ хъуркъым зэи жьы ухъуну. Зи, сщIэркъым, уэзгъэкIуркъым. Уи илъэс бжыгъэм хэхъуэрэ уи узыншагъэм хэмыщIу, уи къалэмыпэр зэрыжану куэдрэ упсэу.

Сщыгъупщэрти, уи тхылъ нэхъыфI дыдэр щыптхынур дяпэкIэщ, Кашиф. УщыщIалэм деж сыт птхыми къеззэгъ щхьэкIэ, тIорысэ ухъуа иужь къомыкIужхэри гъунэжщ. Шыныбэпхыр щIэкъуэзэ, ныбжьэгъу!

**КЪЭРМОКЪУЭ Мухьэмэд,**
*Къэбэрдей-Балъкъэрым и цIыхубэ тхакIуэ.*


1962 гъэ


**Налшык къеблэгъа киноактрисэ цIэрыIуэ Кириенкэ Зинаидэ** *(сэмэгумкIэ ещанэу щытщ)* **и бысымхэщ Мыд Хьэжмусэ, Елгъэр Кашиф, балъкъэр усакIуэ Макитов Сэфар, радиожурналист АфIэунэ Рае, тележурналист Хъуэжэ Хьэзрэт, усакIуэ Щоджэн Хьэбас сымэ.** *1961 гъэ*


**Кашиф и унагъуэр и гъусэу.** *2012 гъэ*


**Елгъэр Кашифрэ усакIуэ цIэрыIуэ КIуащ БетIалрэ.** *1954 гъэ*


**Щхьэлыкъуэ къуажэм щекIуэкIащ зэIущIэ гъэщIэгъуэн. Абы хэта гуп мы сурэтым щыволъагъу: КIыщокъуэ Алим, КIэрэф Мухьэмэд, Елгъэр Кашиф, Апажэ Ахьмэд, Мэзыхьэ Борис, профессор Елгъэр Анатолэ, БжыкIший Борис, нэгъуэщIхэри.** *1994 гъэ*

## Щхьэпэ мэхъу

**Елгъэр Кашиф дэрэ илъэс тIощIым щIигъукIэ «Iуащхьэмахуэ» журналым дыщызэдэлэжьащ. Абы ехьэлIауэ псом япэу къыхэзгъэбелджылыкIыну сызыхуейр мыращ: Кашиф зыбгъэдэт лэжьыгъэм хуэпэжу, хуэIэижьу, зэи темыплъэкъукI тхакIуэщ, журналист Iэзэщ.**

СЭ СЫРЕДАКТОР нэхъыщхьэу, ар журналым жэуап зыхь и секретару илъэс куэдкIэ дызэрызэдэлэжьам сигу щIебгъэн зэи дэслъэгъуакъым. ЗэрыбелджылыщIи, автор зэмылIэужьыгъуэхэм редакцэм къахь тхыгъэ куэдым къудамэхэм я редакторхэр хэплъэу зэрагъэзэхуа нэужь, жэуап зыхь секретарым и пащхьэ иралъхьэ. Апхуэдэ тхыгъэхэр, псом хуэмыдэу тхэну щIэзыдзагъащIэхэм, тхакIуэ, усакIуэ ныбжьыщIэхэм я Iэрытххэр, тхыгъэ, усыгъэхэр тэмэму зыхуей хуэгъэзэным теухуауэ куэд зэлъытар жэуап зыхь секретарырщ. А къалэн мытыншыр егугъуу, IэкIуэлъакIуэу, гулъытэ хэлъу илъэс куэд хъуауэ Елгъэр Кашиф егъэзащIэ. АпхуэдизкIэ, сэ фIыуэ сызэрыщыгъуазэщи, Кашиф гумызагъэщ, бзэм хуэшэрыуэщ, стилист Iэзэщи, иужь дыдэу ар зыхэплъэжу уи пащхьэ кърилъхьа Iэрытхым гугъуехь лей тебгъэкIуадэркъым.

Зэман кIыхь хъуауэ а творческэ лэжьыгъэ щхьэпэр IэкIуэлъакIуэу, шэрыуэу зыгъэзащIэ Кашиф и фIыщIэ ину хэлъщ нобэ литературэм фIыкIэ къыщацIыху, зы тхылъи, тхылъитIи, нэхъыби къыдэзыгъэкIа усакIуэ, тхакIуэ куэдым журналым и напэкIуэцIхэм щача япэ лъэбакъуэр махуэ хъунымкIэ, литературэм и гъуэгуанэ мытыншым апхуэдэ ныбжьыщIэхэр зэрытеувамкIэ.

Мы тхыгъэмкIэ сэ къалэну зыхуэзгъэувыжакъым Елгъэр Кашиф и творчествэр лъэныкъуэ псомкIи узэщIауэ зэпкърысхын дэнэ къэна, абы IуэхуфIу, Iуэху дахэу, Iуэху щхьэпэу ди адыгэ литературэм щигъэзэщIа псоми я гугъу сщIыну. Ауэ си псалъэм и кIэухыу Кашиф жесIэну сыхуейщ: Алыхьым узыншагъэрэ къарурэ къуит, иджыри къэс птхам нэхърэ нэхъыфIыж, нэхъыбэж птхыну, мураду уиIэр къохъулIэну си гуапэщ.

**ШЭВЛОКЪУЭ Пётр.**
*1995 гъэ.*

## КупщIэ

**Къалэмыр къыщищта махуэм щыщIэдзауэ дэтхэнэ тхакIуэми къыдогъуэгурыкIуэ езым и псэлъафэрэ нэхъ зыхуэшэрыуэ, гурэ псэкIэ нэхъ зыхищIэ, нэхъ и благъэ псалъэмакърэ (нэгъуэщIу жыпIэмэ, темэ).**

КАШИФ и къалэмыпэм япэ дыдэ къыщIэкIа тхыгъэхэм ящыщщ «Бжэнышэ» рассказ телъыджэр - цIыхум гукъинэ ящыхъуащ ар. Абдеж щиублауэ си гугъэщ Елгъэрым иужькIэ зэи IэщIыб имыщIыжа псэлъафэр. ГъащIэм и гугъуехьхэр зыгъэв, зи фэм Iэджэ дэкI, зи гум нэхъыбэж дэхуа цIыху цIыкIум и дуней Iыхьэмрэ и гъащIэ IэнатIэмрэ - аращ Кашиф и тхыгъэхэм я нэхъыбапIэм я купщIэр. Апхуэдэ цIыхум, зи фэм куэд дэзыгъэхуа, зи псэр дахэ, сыт и лъэныкъуэкIи узытхьэкъу цIыху цIыкIум и дунеймрэ и гурыгъу-гурыщIэхэмрэ къэгъэлъэгъуэным егъэлеяуэ хуэшэрыуэщ Кашиф и къалэмыр. Ди литературэр къапщтэмэ, Кашиф абыкIэ пэхъунур зырызыххэщ, а зырызми щапхъэ зытрах, гъуазэ яхуэхъу тхакIуэщ Кашиф. Апхуэдэущ ар псоми зэрытцIыхур - тхакIуэхэми щIэджыкIакIуэхэми: и тхыгъэхэмкIи, и цIыхугъэкIи, и дуней тетыкIэкIи ди щапхъэщ, ди шу пашэщ.

Тхыгъэ мащIэ къыщIэкIакъым Кашиф и Iэдакъэм - уси, расскази, повести, романи. Абыхэм ящыщ зыи лъэужьыншэ хъуакъым, ди литературэр зыгъэбжьыфIэ, абы лъэбакъуэщIэ езыгъэча, и пщIэр лъагэ зыдэхъуа тхыгъэ купщIафIэщ ахэр, иужьрей зэман зэрыхьзэрийм къелауэ, куэдым укъыхуагъэушрэ уи гупсысэр зэхэзехуэн ящIыфу. Уи тхыгъэр апхуэдэ къарурэ гуащIэкIэ умыузэдыфынумэ, къалэм къыщIэпщтэн щыIэкъым. ТхакIуэм и пщэ апхуэдэ къалэн къызэрыдэхуэр кууэ зыхэзыщIэхэм ящыщщ Елгъэрыр. ГъащIэм и уэрыпIэ дыдэм къыщыщIимыгъэлъауэ зы псалъэмакъи иридзыркъым Кашиф - ар иреусэ е ирерассказ. Аращ, дауи, тхакIуэм и Iэдакъэ къыщIэкI тхыгъэр псэбыдэ, гукъинэ щIэхъур, абы цIыхур щIитхьэкъур.

ТхакIуэм и гупсысэр цIыхум Iупщ щыхъун щхьэкIэ, псалъэм мыхьэнэуэ иIэм щыгъуазэщ псори. Уи псалъэр мыжанмэ, гупсысэм я нэхъ куури фагъуэ пфIэхъунурэ цIыхум узэхищIыкIынукъым. Псалъэ жаным апхуэдэ къару зэриIэр фIыуэ къызыгурыIуэ тхакIуэщ Кашиф - ар щызыхыбощIэ абы и дэтхэнэ тхыгъэми. Адыгэбзэр зэрыкъулейр, гупсысэм я нэхъ куур къызэрырипIуэтэфынур нэрылъагъу тщищIащ Кашиф - псалъэ жанкIэ, гущIэлъапсэм нэIус адыгэбзэ гъэхуакIэ. Аркъудейри ирикъунущ Кашиф ди литературэм и пащхьэм щиIэ фIыщIэр зэрыиныр къыбгурыIуэн папщIэ.

**КЪЭРМОКЪУЭ Хьэмид.**

## МащIэ сфIощI

КАШИФ слъагъуху жыхуаIэм хуэдэу мы IуэхуитIыр сигу къокIыж.

СщIэжыркъым дэтхэнэ классым сыхэсами, ауэ пэщIэдзэ дыдэхэр арауэ къыщIэкIынщ ар къыщыхъуар. А зэманым класс-класскIэрэ еджапIэ нэхъыжьхэр школым «щыкъэрэгъулт», сабийхэр ямыгъэзэрану, къабзагъэм кIэлъыплъу, къыщIэхуар утыку щрашэри мымащIэу. Арати, Кашиф зыхэс классыр «щыкъэрэгъул» махуэхэм зы щIалэ цIыкIу къыщIэхуащ - кIэлындор кIыхьымирижэу яубыдащ. КIэлындорым къыщызымыжыхьа, къатым удэзышей пкIэлъейм и пхъэгуфэм тесу къемыжэха щIалэ цIыкIу щыIэ! Ауэ ар зыубыдар зызыгъэткIий гуэрти (иужькIэ и ткIиягъыр щигъэлъэгъуэн къулыкъущIапIэ ар ихуащ), утыкум иришащ. Абы техъущIыхьу, и нэпс къекIуауэ и еджэгъухэм я пащхьэ зэритыр щилъагъум, Кашиф къэтэмакъащ: «Уэ сэхуран пIункIыу махуэ псом школым ущIэтащ, мы сабийм сыт ущIыщыхьар?» - жиIэри, щIалэ цIыкIур и классэгъухэм яхишэжащ.

Мыр Кашиф имыщIэжынкIи хъунщ. Ауэ ар сигу къыщIэзгъэкIыжар нэхъ иужькIэ жысIэнщ.

ЕтIуанэр ехьэлIащ Елгъэр Кашиф и усэ «Лу шыдыгум икIуэдащ» зыфIищам (ар япэу дуней зылъэгъуа и тхыгъэ сфIощI). Лэжьыгъэр зищIысыр псалъэ къудейкIэ мыхъуу, зи фэкIэ зыхэзыщIа, гъащIэм и гупэри шындэбзийри фIыуэ зыщIэ щIалэм а и тхыгъэр къызэрытрадзэххэу жылэ псом щызэлъащIысат, ягу иримыхьын, лэжьыгъэм зыщIезыгъэх гуэр ялъагъумэ, «колхоз-молхоз не ходи, только пщафIэ и сиди» жаIэу, мыр Кашиф и IэдакъэщIэкI нэхъыфI дыдэхэм щымыщми, цIыхур и гуащIэ щымысхьу лэжьэн, бэм ифI зыхэлъ Iуэхум щIэбэнын зэрыхуейм ехьэлIауэ усакIуэм и гъуэгупэ псалъэу къыщIэкIащ икIи иужькIи и тхыгъэхэм я нэхъыбапIэм а гупсысэр я джэлэсщ.

Мы IуэхугъуитIыр сигу къыщIэзгъэкIыжри мыращ: Кашиф сыт щыгъуи жьэнахуэу, фэрыщIагъ хэмылъу, пэжыр жиIэу, хуэмыфащэу лей зытехьэу къыфIэщIам къыщхьэщыжу мэпсэу. Ар щыапхуэдэщ гъащIэми, ар щыапхуэдэщ литературэми.

Сэ Кашиф и тхыгъэхэр зэпкърысхыну къалэн си пщэ дэслъхьэжакъым – абы и дэтхэнэ тхылъми (ар усэу е прозэу щрет) мы жысIэр нахуэу къыхощ. Аращ ар тхылъеджэм игу, и псэ щIыдыхьэр. «Лу шыдыгум икIуэдащ» усэмкIэ мылажьэхэм, зыщIезыгъэххэм ар зэращIэнакIэр ауэ сытми къэхъуа Iуэху хуэдэкъым. Сыту жыпIэмэ, Кашиф IэгъэтIылъыпIэ имыIэ жыхуаIэм ещхьу мэлажьэ, «махуэ къэс зы сатыр нэхъ мыхъуми тхын» жыхуаIэ хабзэм тету. Си фIэщ хъуркъым абы хуэдэу зэпыу имыIэу лажьэ куэд ди литераторхэм яхэту. Ноби, тхылъ къыдэгъэкIыныр гугъу щыхъуа зэманми, зэрысщIэмкIи, ар матхэ, матхэ...

Елгъэр Кашиф адыгэ литературэм хуищIа хэлъхьэныгъэр инщ. Ар нобэрей ди тхакIуэ нэхъ пажэхэм, IэкIуэлъакIуэхэм, щIэджыкIакIуэхэм фIыуэ ялъагъухэм ящыщ зыщ. Ауэ абы адыгэ журналистикэми хэлъхьэныгъэшхуэ хуещI, а Iуэхум нэхъ мащIэрэ и гугъу ящI пэтми, Кашиф «Ленин гъуэгум» щыщылэжьа зэманым газетым и бзэм зегъэузэщIыным ар хуабжьу егугъуащ, зы жыпхъэм къигъэжыкIам ещхь, къарыкIыр къыбгурымыIуэу къыдэкIыгъуэ къэс напэкIуэцIхэм щызэбгрыпхъа жыIэгъуэхэм, псалъэ зэрыIыгъхэм ебэнащ езыр щытхэкIи редакцэм щекIуэкI зэхуэс кIэщIхэми.

Псом хуэмыдэу бзэ жанкIэ, щIэщыгъуэкIэ тетхыхьырт спорт Iуэхухэм, хэхауэ жыпIэмэ, футболым. Нобэ лажьэ журналист ныбжьыщIэхэр а репортажхэм къеджэжамэ, щхьэпэ зэрахуэхъунум шэч хэлътэкъым.

Кашиф и публицист тхыгъэхэм ди нобэм и Iуэхугъуэ зэIумыбзхэр щызэпкърех, абы и очеркхэр дызэсэжахэм емыщхьу, художественнэ очерк нэсхэщ.

ТхакIуэ щIалэхэм гъуэгу етыныр къалэн лъапIэу Кашиф зэрилъытэм и щыхьэтщ ар ныбжьыщIэхэм зэрадэлажьэр. Абы и чэнджэщхэр сэбэп зыхуэхъуа, фIыщIэ къыхуэзыщI куэд езыхэр балигъ хъуауэ нобэ литературэм холIыфIыхь. Сэ зэи зыщызгъэгъупщэркъым си рассказым хэплъэу, сымыщIэххэу газетым трыригъэдзауэ зэрыщытар. Апхуэдэу абы зызыщIигъэкъуахэр куэд мэхъу.

Мыбыи сытепсэлъыхьмэ, си гуапэт. Кашиф къызыхэкIа унагъуэр Щхьэлыкъуэ нэхъ пщIэ, нэмыс щызиIахэм ящыщщ. Абы и адэ Мысост фIыуэ зымылъэгъуа ди къуажи уеблэмэ Кэнжэ, Шэджэм жылагъуэхэми дэсагъэнкъым. ЛэжьакIуэжьу, цIыху щабэрэ гуапэу, лIыжь Iущрэ чэнджэщ щхьэпэкIэ жумарту ар жылэм ягу къинащ. Абы и къуэхэри - Хьэчими Кашифи - я адэм ещхь хъужащ. Нобэ зи гугъу тщIыр Кашифщи, щхьэлыкъуэдэсхэм ар фIыуэ ялъагъу жыпIэныр мащIэ сфIощI, апхуэдизу пщIэ, нэмыс, щIыхь къыхуащIри. Езыри жылэм папщIэ и щхьэфэр лъэгущIыхь ищIынущ жыхуаIэм хуэдэщ: гуфIэгъуэ зиIэм деIэт, зи пщIантIэ нэщхъеягъуэ дэлъым дощыгъуэ.

Нобэ уи махуэ лъапIэщи, уи гуащIэ мыкIуэщIу, уи узыншагъэм хэмыщIу илъэс куэдкIэ ди япэ уитыну дынохъуэхъу, Кашиф.

**МЭЗЫХЬЭ Борис,**
*КъБР-м и Журналистхэм я зэгухьэныгъэм и тхьэмадэ.*

## Лъэужь

ЕЛГЪЭР Кашиф и пшыналъэр гъащIэм и макъамэ хьэлэмэтхэмкIэ гъэнщIащ. Щалъхуа щIыналъэм хуэусэным, абы и дахагъымрэ къулеигъэмрэ нэрылъагъу щIыным усакIуэм и бзэр хуэшэрыуэщ, и гурыщIэр хуэгъунапкъэншэщ, хуэнэхъуеиншэщ. А дахагъэ къудейр нэIурыт щIыныр аракъым усакIуэр зыхущIэкъур, атIэ абы и гупсысэр зэхьэлIар а псори насыпым пыщIауэ зэрыщытырщ. ЦIыхум и гурыщIэм дунейм, псэ хэтым хуэдэу, зыкъыдищIу усакIуэм дегъэлъагъуф. Апхуэдэхэщ «Гупсысэ хуитхэр», «Нартсанащхьэм», «Къущхьэхъу дыгъэр махуэм», нэгъуэщIхэри.

ТхакIуэр зытетхыхь лIыхъужьым езыри ещхьу жаIэ. Пэж хэлъщ абы. Сыт хуэдиз цIыхугъэ, гуапагъэ ядэплъагъурэ Кашиф и лIыхъужьхэм. Псалъэм папщIэ, «Лъэужьхэр» зыфIища повестыр. Абы укъеджэу тхылъыр бгъэтIылъыжа нэужь, узэгупсысыр зыщ: сыту фIы мы дунейм апхуэдэ цIыхухэр зэрытетыр.

**ШЭДЖЫХЬЭЩIЭ Хьэмыщэ.**
*1995 гъэ*

ЩIЫР къызэпхызыуда псынэр зэуэ жабзэркъым. Пшахъуэри, ятIэри, кIэрыхубжьэрыхури здехь, лъэпощхьэпохэр къызэринэкIыу псышхуэм зэрыхэлъэдэну лъагъуэр хишыху. Абы ещхьщ Елгъэр Кашиф и усэхэр: абыхэм хэкIащ гъуабжафэ къытезыгъауэу, зыгуэрхэм зэрыдежьууэ хэлъар. Кашиф и тхыгъэхэр къаруущIэу къыхохьэ адыгэ усыгъэм.

Ар сытым темытхыхьми, и гулъытэм щIэмыкIыр цIыхурщ - гъащIэр зыухуэрщ, фIым хуэлажьэрщ.

**ЩОДЖЭНЦIЫКIУ Iэдэм.**
*1985 гъэ*

ПРИШВИН зэгуэр жиIэгъащ: «Псори усакIуэу къалъху, ауэ апхуэдэ хъур мащIэщ. Куэдым яхузэфIэкIыркъым шымыгъасэм ибг зрадзу ягъэсэну». Елгъэр Кашиф хузэфIэкIащ адыгэш Iэлыр игъэIэсэн. Абы и псалъэм и купщIэр кIуэ пэтми нэхъ куу мэхъу, усыгъэ нэсым и нэщэнэу, гъащIэшхуэ зэраIэнур нэрылъагъущ.

**ПОПЕРЕЧНЫЙ Анатолий.**

ЛЪЭПКЪ усыгъэм, гъуазджэм игъащIэми «къихутэ» Iуэхугъуэхэм - гъащIэм, лъагъуныгъэм, ажалым, лIыгъэм - ятеухуа тхыгъэхэр ебэкI хъуащ. Иджы абы къыхохьэ гъащIэм и къежьапIэм, дызыпIа щIым и къару мыкIуэщIыжым, дунеишхуэм ятеухуахэр. ГъащIэ мытыншри, фIы зыщIэм ехъуэпсэнри, Iуэху цIыкIуфэкIухэм къыхэкIауэ нэхъыщхьэм пэгъунэгъу зыхуэщIынри - а псори ди лъэпкъ усыгъэм хэлъщ, ар зэпIэзэрыт, Iущыгъэр зэбэкI хъуну, и дамэр нэхъри жыну ущегъэгугъ. А дамэм щIэтхэм ящыщ зыщ Елгъэр Кашиф.

**СОКЪУР Мусэрбий.**
*1985 гъэ*

ЕЛГЪЭР Кашиф адыгэ усакIуэ цIэрыIуэщ. Ауэ, и къуэш нэхъыжь КIыщокъуэ Алим и щапхъэм тету, иужьрей илъэсхэм прозаик Iэзэуи зыкъигъэлъэгъуащ: абы и тхылъхэр мызэ-мытIэу къыщыдэкIащ «Советский писатель», «Молодая гвардия», «Детгиз», «Советская Россия», «Современник» тхылъ тедзапIэхэм.

Псалъэм папщIэ, «Лъэужьхэр» повестым хэт Бэтмырзэ, империалист, граждан зауэм хэтар, колхозхэр къызэзыгъэпэщахэм ящыщщ. Абы игу къегъэкIыж къэхъукъащIэ инхэмкIэ гъэнщIауэ щыта и гъащIэр. А псор къыздиIуэтэжым, лIыхъужьым уи нэгум къыщIегъэувэ Совет къэралыгъуэр зэрызэфIэува щIыкIэр. А щIыкIэм тету Елгъэрым къиIуатэр егъэнщI гъащIэм и пэжыпIэмкIэ, и лIыхъужьхэм я Iуэху пыухыкIахэмкIэ. Кашиф къиIуатэм нэщхъеягъуэкъым ебэкIыр, атIэ зэпIэзэрыту, лъэныкъуэмкIэ щыту къыхэплъэрэ илъагъур итхыжым хуэдэу, пэжыр къегъэлъагъуэ.

**ВЛАСЕНКЭ Александр.**

ЦIЫХУМ и гукъыдэжым, уеблэмэ дэрэжэгъуэшхуэ хэлъым Елгъэрым апхуэдизкIэ къэIуэтэкIэ щабэ къыхуегъуэтри, умыгъэщIэгъуэн плъэкIыркъым.

УсакIуэм и тхыгъэм къобэкI романтизмэр, хъуэпсапIэм епха гупсысэ нэхухэр. Абы къызыфIигъэщIхэм жыжьэм и хъарпшэрми лъагэм и кIэхутхьэхуми ухагъаплъэ. А жыжьэм ауэ сытми и нэр щыплъызкъым, атIэ «усэщIэрэ вагъуэщIэрэ» къыщегъуэт. УсакIуэм творчествэр бзэншэ щэхуу, къаруущ къызэрилъытэр икIи игукIи и псэкIи езыр абы епхащ.

**ШАЩIЭ Къазбэч.** *2012 гъэ*

# КАЙЯ Ялчын: Адыгэлъ схэту къыщIэкIынщ

**Къэбэрдей Адыгэ Хасэм и тхьэмадэ, «Адыгэ псалъэ» газетым и редактор нэхъыщхьэ ХьэфIыцIэ Мухьэмэд и жэрдэмкIэ зэIущIэ гуапэ щекIуэкIащ Хасэм и IуэхущIапIэм. «Къэбэрдей-Балъкъэр» ВГТРК-м, «1 КъБР» ВТК-м, «Къэбэрдей-Балъкъэр» радиом, «Адыгэ псалъэ», «Заман», «Кабардино-Балкарская правда» газетхэм, интернет-порталхэм я журналистхэр хуагъэзащ тырку тхакIуэ Кайя Ялчын. Абы щхьэусыгъуэ хуэхъуар иджыблагъэ Истамбыл къыщыдэкIа «Шэрджэсхэр» томищ хъу тхылъырщ.**



Псалъэр Кайя Ялчынщ.

- Кайя Ялчын езыр лъэпкъкIэ тыркущ, ауэ адыгэхэр егъэлеяуэ фIыуэ елъагъу, ди лъэпкъэгъу ныбжьэгъу куэд иIэщ, - жиIащ Мухьэмэд, хьэщIэр журналистхэм щаригъэцIыхум. - Абы тхылъ тIощIым нэблагъэ къыдигъэкIащ, иужьрейр зытриухуар зэрыцIыкIурэ къызыдэгъуэгурыкIуэ адыгэхэрщ. ТхакIуэмрэ Тыркум щыпсэу ди лъэпкъэгъухэмрэ я зэпыщIэныгъэм, и Iэдакъэ щIэкIым къыщиIуатэхэм, нэгъуэщIхэми тедгъэпсэлъыхьыну къедгъэблэгъауэ аращи, фи упщIэхэм жэуап къаритыну хьэзырщ. Тхылъыр тыркубзэкIэ тхащ, абы ириплъэну хунэсащ «Адыгэ псалъэ» газетым и обозреватель Хъуажь Фахъри, нобэ Ялчын жиIэхэр тэрмэш фхуэзыщIынур аращи, псалъэ изот.

- ХьэщIэ лъапIэщ къытхуеблэгъар, - жиIащ Фахъри. - Ялчын куэд щIауэ ецIыху адыгэхэр, абыхэм я хъыбар зэхиха, лъэпкъым и щхьэ кърикIуар къищIа нэужь, абы нэгъуэщIхэри щигъэгъуэзэн хуейуэ къилъытэри, адыгэм теухуа дэфтэру къигъуэтар лъабжьэ зыхуищIа тхылъ итхащ, напэкIуэцI 1700-м щIигъуу. Хуабжьу гъэщIэгъуэнщ абы итхэр, Тыркум тхылъу къыщыдагъэкIар къыумылъыхъуэу, «Шэрджэсхэр» томищым уеджэмэ, адыгэм и шыфэлIыфэр, и псэукIэр къэпщIэнущ. Япэ томым тхыдэ хэткъым, абы къыщегъэлъагъуэ адыгэр зищIысыр, и цIыху щIыкIэр, и хабзэр зыхуэдэр, хьэщIэхуэфIу зэрыщытыр, лIыгъэ зэрыхэлъыр, и дуней тетыкIэр. Ди жагъуэ зэрыхъунщи, ди щыщIэныгъэ гуэрхэри къыхощ мы тхылъым, псалъэм папщIэ, латин хьэрфхэмкIэ «адыгэ» псалъэр зэрытхар зэтехуэркъым, атIэ тхыкIэ зэмылIэужьыгъуэу зытхух мэхъу. Зы алыфбей къыхэтхрэ абы дытемытмэ, дяпэкIи апхуэдэу екIуэкIынущ. Ар и нэм къыфIэнэри, занщIэу къыхигъэщащ тхакIуэм. Адыгэр зэрылъэпкъыфIыр, зэрыцIыхуфIыр хьэкъыу пхыкIауэ апхуэдэщи, къигъэлъагъуэ Iуэхугъуэхэр уи фIэщ игъэхъуу матхэ Ялчын. Абы папщIэ фIыщIэ ин хуэфащэщ. КъыкIэлъыкIуэ томхэр тхыдэ Iуэхущ нэхъ зытеухуар. Адыгэм и къежьапIэм теухуауэ, хуагъэфащэ мыхъумэ, IупщIу тхауэ Тыркум зыри щыIэкъым, ауэ а щыIэр зэхуихьэсри, хъарзынэу ди пащхьэ кърилъхьащ. Езым абы теухуауэ жедгъэIэмэ, нэхъ сфIэкъабылщи, фи упщIэхэр хузэздзэкIыну сыхьэзырщ, ауэ япэщIыкIэ езым зыкъывигъэцIыхуну сыхуейт.

- Япэрауэ, вжесIэну сыхуейщ: мы тхылъхэр зэрыстхам щхьэкIэ сэ сытхыдэджу къыфщымыхъу. Сэ ухуакIуэ-инженеру сылэжьауэ аращ, - къыддогуашэ Кайя Ялчын. - ЕтIуанэрауэ, сэ сыадыгэкъым, ауэ адыгэ ныбжьэгъухэр куэду сиIэт, абыхэм цIыхугъэ, хабзэ ядэслъагъурти, сфIэгъэщIэгъуэну иужь сихьащ мы Iуэхум. АбыкIэ дэIэпыкъуэгъушхуэ къысхуэхъуа адыгэ щIалэ Iэдэмей Хьикмэт и гъусэу сыкъежьащ сэ нобэ. Илъэс 15 и пэкIэ, Тыркум щыпсэу лъэпкъхэм я тхыдэр зэзгъащIэмэ сфIэфу иужь сихьат. НэгъуэщI лъэпкъхэм ятеухуауэ стхар щалъэгъум, «дэ щхьэкIэ зыгуэр щхьэ умытхрэ», - жаIэри си адыгэ ныбжьэгъухэр къызэхъурджэуащ икIи къызыхэкIа я лъэпкъым и блэкIам мащIэу сыщагъэгъуэзащ.

Япэ томым илъэситIкIэ селэжьащ. Тхыгъэхэр зэхуэсхьэсурэ щIэздзыкIыху, нэхъри сыхилъасэрт. Урыс-Кавказ зауэр зэрекIуэкIам, абы адыгэхэм къахуихьа мыгъуагъэм псом нэхърэ нэхъыбэу сыдихьэхри, етIуанэ томыр стхащ, ещанэри къыкIэлъыкIуащ, адыгэр и хэкум зэрырахуар, здэкIуам я нэгум щыщIэкIар, гугъуехьу зыхэтар иту. Мыр къыдэдгъэкIри, библиотекэхэм, а Iуэхум пыщIа лэжьапIэхэм пщIэншэу еттащ, зыри тщакъым. Налшык сыкъызэрыкIуэрэ си щхьэм къиизэрыхьащ - еплIанэ том стхыну сыхуейщ нобэ дунейм тет адыгэм и Iуэху зыIутым, хэкурысым и псэукIэм, хэхэсым яхэщIам, къызэрызэтенам, адэжь лъахэм къинахэм къазэрыщхьэщыкIым теухуауэ. Мыр си япэ зекIуэу аращи, иджыри сызэIуплъынущ, адыгэбзэри зэзгъэщIэнурэ адэкIэ сылэжьэнущ.

**ХьэфIыцIэ Мухьэмэд**: **- Уэрэ сэрэ Истамбыл дыщызэхуэзауэ жыпIат тхылъищым я процент 20-р кавказ лъэпкъхэм, 80-р адыгэхэм ятебухуауэ. Сыт хуэдэ лъэпкъ, адыгэхэм нэмыщI, тхылъым зи гугъу щыпщIыр?**

**Кайя Ялчын**: - Тыркум «шэрджэс» псалъэм мыхьэнищ щиIэщ. Хэкум ирахуу Уэсмэн щIыналъэм кIуахэм я нэхъыбэр адыгэти, ахэращ ар зытражыIыкIар. Ауэ адрейхэми адыгэ фащэ зэращыгъым, хабзэ зэрахэлъым щхьэкIэ, адыгэм ирагъэщхьри, «шэрджэскIэ» еджэу, адыгэр, абазэр, убыхыр къызэщIиубыдэу къагъэсэбэпу хуежьащ. ИужькIэ, Кавказым иIэпхъукIауэ хъуар - балъкъэрхэри, къэрэшейхэри, шэшэнхэри, ингушхэри, къущхьэхэри, дагъыстэн лъэпкъхэри - «шэрджэсым» хабжэ. Ахэр я хабзэкIэ, я фащэкIэ тIэкIу фэщхьу зэрыщытым щхьэкIэ, япэ томым хэзгъэхьэри, мащIэу сатетхыхьащ.

**Уэрэзей Луизэ**: **- Адыгэхэм ятеухуауэ сыт нэхъыбэу узытетхыхьар? Сыт хуэдэ лъэныкъуэ къэбгъэлъэгъуар?**

**Кайя Ялчын**: - Адыгэ жылагъуэ псэукIэращ сфIэгъэщIэгъуэну зи гугъу сщIыр. Абы хохьэ хьэгъуэлIыгъуэр, нысашэр, тхьэмадэм иIэ пщIэр, абы и къалэнхэр, нэгъуэщIхэри. А псоми цIыхубэм яфIэгъэщIэгъуэну лъабжьэ хуэхъужыр адыгэ хабзэращ. А хабзэм тету псори йокIуэкI, Iуэху пыухыкIар жыпхъэ гуэрым итын зэрыхуейр гурыIуэгъуэщ, ауэ адыгэр хабзэм тету мэпсэу, и нэхъ IуэхущIафэ цIыкIуми мыхьэнэ гуэр иIэу.

Иджы Тыркум щыпсэу щIалэгъуалэм сахоплъэри, хабзэр мащIэу яIэщIэхуауэ пIэрэ жысIэу гурыщхъуэ сагъэщI. Сэ сызрихьэлIэ адыгэ щIэблэм яжызоIэ, кхъыIэ, мы тхылъхэм феджи, сэ фи лъэпкъым хэсщIыкIым хуэдиз нэхъ мыхъуми зэвгъащIэ.

**Дол Марьянэ**: **- Апхуэдиз гъэщIэгъуэн зэрыт тхылъыр дэ дыкъеджэфын папщIэ адыгэбзэкIэ е урысыбзэкIэ зэвдзэкIыну фи мурад?**

**ХьэфIыцIэ Мухьэмэд**: - Тхылъыр зэридзэкIыфыну дэ диIэр Хъуажь Фахърищи, абы адыгэбзэм къытхуригъэзагъэмэ, урысыбзэкIэ нэгъуэщIым зэредгъэдзэкIынщ. Ауэ ар зэрымытыншыр, псынщIэу зэрызэфIэмыкIынури фэ къывгуроIуэ.

**МахуэлI Хъаджэт**: **- Япэрауэ, тхакIуэм фIыщIэ хуэфащэщ напэкIуэцI 1700-рэ хъу лэжьыгъэ ди лъэпкъым зэрыхуищIам папщIэ. Куэд щIакъым Хьэткъуэ Умар (Омер Сейфеддин) и «Бгырыпх» рассказым сыкъызэреджэрэ. Адыгэ бгырыпх зрата тырку щIалэр апхуэдизкIэ абы дихьэхати, адыгэбзэкIэ фIэкIа мыпсалъэу, адыгэ фащэ щыгъыу дэтт щыжеIэ абы. Иджы мы къомыр зи Iэдакъэ къыщIэкIа тхакIуэм ди лъэпкъым нэхъ лъапIэ дыдэу дилъэгъуар, нэхъ игу къинар къыджиIэфыну?**

**Кайя Ялчын**: - Мыр стхыну сыщыхуежьэм а упщIэр зэстыжащ сэри. Ярэби, мыпхуэдизу сызыIэпишауэ мы Iуэхум иужь щхьэ сихьауэ пIэрэ? Адыгэлъ схэту пIэрэ? Си анэ тхьэмыщкIэр куэд щIакъым дунейм зэрехыжрэ. НыбжьыфI къигъэщIащ. Абы деж сыкIуэри сеупщIат: «Адыгэм зыгуэркIэ дапыщIауэ пIэрэ, щхьэ мыпхуэдизу сыдихьэха мы Iуэхум?», - жысIэри. Си анэм зэрыжиIамкIэ, абы и анэр Кавказым къикIат, ар къызыхэкIам зыри хищIыкIыртэкъым, ауэ Элифт и цIэри, «Шэрджэс ЭлифкIэ» къеджэу зэрыщытар ищIэжырт.

Адыгэлъ схэту къыщIэкIынщ, армырамэ зэхэсхыу хъуам, слъагъуу хъуам щхьэ сызыIэпашэрэт, ар псынщIэу тхылъымпIэ напэм тестхэну щхьэ сыхуэпабгъэрэт?! Иджы япэу сыкъэкIуауэ аращ Налшык, ауэ си къуажэжь сыдыхьэжа, си Iыхьлыхэм сакъыхыхьэжа хуэдэу къысщохъу. СыкIуэжми, си псэр мыбы къэнэну къысфIощI. Ар сэ си закъуэкъым, къапщтэмэ, къызыщыщIар. Тхыдэм уриплъэжмэ, Кавказым къэкIуауэ щыта псоми ар я псэм хэлъу ягъэзэжащ, Белл Джеймс жыпIэми, Лонгворти, нэгъуэщIхэми.

**Жэрыщты Залинэ**: **- Ялчын, птхынырат хьэмэрэ а птхыныр зэхуэпхьэсынрат нэхъ гугъур?**

**Кайя Ялчын**: - Зэхуэхьэсыныр нэхъ гугъущ, дауи, зэмани нэхъ токIуадэ. Япэрауэ, а псоми укъеджэн, узыхуейр къыхэпхын хуейщ. ИтIанэ птхыжу аращи, хуэмурэ абы уелэжьыну нэхъ тыншщ. Мыбы гугъуу хэлъар фщIэрэ? Зы тхыдэ кIапэ гуэрыр зэмыщхьу къыщыгъэлъэгъуэжа тхылъ куэд срихьэлIащ. Псалъэм папщIэ, шапсыгъым щитхым деж езым и лIакъуэр нэхъ япэ иригъэщу, къэбэрдейми езым ейр игъэнэхъыфIу урохьэлIэ. Апхуэдэм деж птхыр зэпыбогъэури, зыщIэхэм уоупщI, уочэнджэщ. Е а Iуэхугъуэм мыадыгэу тетхыхьа гуэрым и IэдакъэщIэкI къыбогъуэтри, абы ибогъапщэ. Сэ тхылъым иужь сыщихьэм пэж фIэкIа сымытхыну къалэн зыщысщIыжати, ар къэслъыхъуащ зэрысхузэфIэкIкIэ.

**НэщIэпыджэ Замирэ**: **- «Шэрджэсхэр» тхылъым ущелэжьым адыгэр, Кавказыр уи нэгу къызэрыщIэбгъэхьамрэ Налшык щыплъэгъуамрэ зэщхьэщыкIрэ?**

**Кайя Ялчын**: - Сэ мыбы къина адыгэхэр нэхъ урысщIэкъу хъуауэ къысщыхъуpт. Я бзэр ямыщIэжу, я хабзэм пщIэ хуамыщIыжу пIэрэ жысIэрт. Иджы солъагъу: адыгэр къызэтенащ. Тыркум щыпсэу адыгэхэми хэкурысхэми я адыгагъэри, я бзэри, я цIыхугъэри зэрагъэхь щымыIэу зэщхьщ. УэрэджыIакIуэ цIэрыIуэ Нэхущ Чэрим и концертым сыщыIати, адыгэм и щэнхабзэ лъагэр, и фащэ екIур си нэгу щIэкIащ.

ХьэщIэхуэфIщ, гуапэщ адыгэхэр. Мы махуэ зыбжанэм къриубыдэу ныбжьэгъу куэд сиIэ хъуащ. Адыгэбзэр зэзгъэщIэн хуейуэ аращ къысхуэнэжари, икIэщIыпIэкIэ иужь сихьэнущ. Си къуажэжь сыдэт хуэдэу къысщыхъуу щызогъакIуэ Налшык мы махуэхэр, хуабагъымрэ гуапагъымрэ сигу хагъахъуэу.

ХьэфIыцIэ Мухьэмэд хьэщIэми журналистхэми фIыщIэ яхуищIащ икIи Къэбэрдей Адыгэ Хасэм зэрыщыхьэщIам и фэеплъу тхылърэ саугъэт лъапIэрэ тхакIуэм иритащ.

*Зытхыжар*
**НЭЩIЭПЫДЖЭ Замирэщ.**

**• Футбол**



# Джэгур щиух дыдэм я насыпыр къокI

**«Спартак-Налшык» (Налшык) - «Черноморец» (Новороссийск) - 1:0 (0:0). Налшык. «Спартак» стадион. Жэпуэгъуэм и 25-м. ЦIыху 400 еплъащ.**

**Судьяхэр**: Гуренкэ (Астрахань), Егоров (Дон Iус Ростов), Касабиев (Владикавказ).

«**Спартак-Налшык**»: Антипов, Соблыр, Мурачёв, Дашаев, Кузнецов, Дроздов (Балъкъэр, 51), Гъурф, ДзыхьмыщI (Крамаренкэ, 58), Каркаев (Ахриев, 77), Бажэ (Багъэтыр, 74), Гугуев (ЛIуп, 69).

«**Черноморец**»: Комиссаров, Пуляев, Корнилов, Кузнецов, Дубовой (Абрамов, 73), Лусикян, Кокоев, Мустафаев, Кочубей, Хасцаев, Бояринцев (Медников, 71).

**Топыр дигъэкIащ**: Дашаевым, 37 (1:0).

**Дагъуэ къыхуащIащ** Балъкъэрымрэ Мустафаевымрэ.

МЫГЪЭРЕЙ «Черноморец»-р лъагапIэшхуэхэм хущIэмыкъуми, зэхьэзэхуэм пашэныгъэр щызыIыгъым ерыщу Налшык щыпэщIэтыну зигъэхьэзырат. КъыщынэмыщIауэ, абы щыджэгухэм ягу ихуатэкъым зэпеуэм и япэ къекIуэкIыгъуэм Новороссийск щыIэу «Спартак-Налшыкыр» 2:0-у къазэрыщытекIуар икIи «ялъ ящIэжыну» хьэзырт.

Апхуэдэу щыт пэтми, хьэщIэхэр псом япэу зыхущIэкъуар я гъуэр къызэрырагъэбыдэкIынырщ. АдэкIэ я насып къызэрикIым еплъынурат. Налшыкдэсхэр абы хуэмыхьэзырыщэу къыщIэкIащ икIи я ебгъэрыкIуэныгъэхэр «Черноморец»-м и гъуэм пэжыжьэу къызэтекъутэрт. Джэгур зэрекIуэкIа сыхьэтрэ ныкъуэм къэщIэжыгъуейщ ди щIалэхэм бжыгъэр къызэIуахыну пэгъунэгъу щыхъуар. Новороссийскдэсхэр абы хущIэкъуххэртэкъым икIи Налшык зы очко ирашмэ я ехъулIэныгъэшхуэу зэрыщытыр наIуэу къагъэлъагъуэрт. «Спартак-Налшыкым» и тренерхэм футболист зыбжанэ яхъуэжа пэтми, Iуэхум фIы и лъэныкъуэкIэ зигъэзакъым.

Псори щызэхэкIар джэгум хухаха зэманыр иухыу абы къыщIагъуа дакъикъищращ. Я хьэрхуэрэгъу нэхъыщхьэу къэнэж «IэфIыпсыр» Дон Iус Ростов щыIэу щIыпIэ СКА-м зэрытекIуам и хъыбар къызыIэрыхьа «Спартак-Налшыкыр» зэрыкомандэу ипэкIэ кIуэтащ. Абыхэм ящыщ зым ди щIалэхэм штрафной къалэжьащ. Ар къыщыхъуар гъуэм зыкъомкIэ пэжыжьэми, Багъэтыр Альберт и къару къызэрихькIэ топыр хьэщIэхэм я штрафнойм къыхитащ икIи гъуащхьауэхэм ядэIэпыкъуну ебгъэрыкIуэхэм яхыхьа Дашаев Аслъэн налшыкдэсхэм текIуэныгъэр къахуэзыхьа топ закъуэр дигъэкIащ. Абы иужькIэ судьям джэгур занщIу иригъэухащ, афIэкIа зэман къызэрымынэжам къыхэкIыу.

Арати, хуабжьу гугъу ехьу зэIущIэм и кIэух дыдэм «Спартак-Налшыкым» зи чэзу очкоищыр зыIэригъэхьащ. АрщхьэкIэ ар зыIэщIимыгъэкIыну хущIокъу иужьрей джэгугъуиплIым щытекIуа «IэфIыпсым». А тIум я зэныкъуэкъуныгъэм етIанэгъи зэрыпищэнум шэч хэлъкъым.

Иджы щыгъуазэ фыхуэтщIынщ етIуанэ дивизионым и «Ипщэ» гупым щекIуэкI зэхьэзэхуэм хыхьэу вэсэмахуэ зэхэта джэгугъуэхэм къарикIуа бжыгъэхэм: «**Алания**» (Владикавказ) - «**Астрахань**» (Астрахань) - **1:1**, «**Биолог-Новокубанск**» (Прогресс) - «**Краснодар-2**» (Краснодар) - **3:2**, **СКА** (Дон Iус Ростов) - «**IэфIыпс**» (IэфIыпс) - **1:2**, «**Ангушт**» (Нэзрэн) - «**Тэрч-2**» (Грознэ) - **1:0**, «**Динамо-Ставрополь**» (Ставрополь) - «**Мэшыкъуэ-КМВ**» (Псыхуабэ) - **0:1**.

МИТОС (Новочеркасск) - «Дружба» (Мейкъуапэ) зэIущIэр нэхъ иужьыIуэкIэ ирагъэкIуэкIынущ.

ЕтIуанэ дивизионым и «Ипщэ» гупым и къыкIэлъыкIуэ джэгугъуэр щэкIуэгъуэм и 1-м щыIэнущ. А махуэм «Спартак-Налшыкым» и стадионым къыщригъэблэгъэнущ Владикавказ и «Алания»-р.

**ЖЫЛАСЭ Заурбэч.**

*Урысей Федерацэм футболымкIэ и етIуанэ дивизионым и «Ипщэ» гупым зэхьэзэхуэр зэрыщекIуэкIыр*

| Командэхэр | Дж. | Къ. | З. | ФI. | Т. | О. |
|---|---|---|---|---|---|---|
| 1. **«Спартак-Налшык»** | **15** | **12** | **2** | **1** | **25-5** | **38** |
| 2. «IэфIыпс» | 15 | 11 | 1 | 3 | 24-14 | 34 |
| 3. «Краснодар-2» | 15 | 8 | 2 | 5 | 30-17 | 26 |
| 4. «Черноморец» | 15 | 7 | 4 | 4 | 19-16 | 25 |
| 5. «Мэшыкъуэ-КМВ» | 15 | 6 | 3 | 6 | 14-17 | 21 |
| 6. «Динамо-Ставрополь» | 15 | 5 | 5 | 5 | 15-14 | 20 |
| 7. «Ангушт» | 15 | 5 | 4 | 6 | 14-15 | 19 |
| 8. «Астрахань» | 15 | 5 | 4 | 6 | 17-19 | 19 |
| 9. «Тэрч-2» | 15 | 4 | 6 | 5 | 20-17 | 18 |
| 10. СКА | 15 | 5 | 2 | 8 | 16-17 | 17 |
| 11. МИТОС | 14 | 4 | 2 | 8 | 15-21 | 14 |
| 12. «Биолог-Новокубанск» | 15 | 3 | 4 | 8 | 11-22 | 13 |
| 13. «Алания» | 15 | 2 | 7 | 6 | 8-20 | 13 |
| 14. **«Дружба»** | **14** | **3** | **2** | **9** | **13-27** | **11** |

## ЩэкIуэгъуэм екIуэкIыну зэIущIэхэр

***Урысей Федерацэм и етIуанэ дивизионым и «Ипщэ» гуп***
***ЕпщыкIуханэ джэгугъуэ***
**ЩэкIуэгъуэм и 1**
*(тхьэмахуэ)*

«IэфIыпс» (IэфIыпс) - «Биолог-Новокубанск» (Прогресс)
«Краснодар-2» (Краснодар) - «Астрахань» (Астрахань)
**«Спартак-Налшык» (Налшык) - «Алания» (Владикавказ)**
«Черноморец» (Новороссийск)- МИТОС (Новочеркасск)
«Дружба» (Мейкъуапэ) - «Динамо-Ставрополь» (Ставрополь)
«Мэшыкъуэ-КМВ» (Псыхуабэ) - «Ангушт» (Нэзрэн)
«Тэрч-2» (Грознэ) - СКА (Дон Iус Ростов)

***ЕпщыкIубланэ джэгугъуэ***
**ЩэкIуэгъуэм и 8**
*(тхьэмахуэ)*

«Алания» - «Краснодар-2»
«Биолог-Новокубанск»- «Тэрч-2»
СКА - «Мэшыкъуэ-КМВ»
«Ангушт» - «Дружба»
«Динамо-Ставрополь « - «Черноморец»
**МИТОС - «Спартак-Налшык»**
«Астрахань» – «IэфIыпс»

**• Сабийхэм папщIэ**

# «Нурым» и ебгъуанэ къыдэкIыгъуэм



Мыр къызэIуех Бещтокъуэ Хьэбас сабийхэм яхуитха «Алыфбей» усэмкIэ.

ЯригъэцIыху хьэрфымкIэ сатырыр къыщIидзэурэ, усакIуэм цIыкIухэр «А»-м щыщIэдзауэ «Кхъу»-м нэс хегъэгъуазэ.

АдэкIэ тетщ Къагъырмэс Борис итха «Iэмал» рассказыр.

КIэлъыкIуэу фыкъыщеджэнщ ЩэрэлIокъуэ Талъостэн итхыжауэ щыта хъыбар, таурыхъ зыбжанэ.

Адыгэ Республикэм щыщ усакIуэ Абрэдж Сафият сабийхэр дэзыхьэх усэхэр етх. Абрэджым и усэхэм ящыщу «Джэду шырым и уэрэд», «УздэщыIэр дэнэ, бажэ?» жыхуиIэхэр тридзащ журналым, Уэрэзей Афлик къэбэрдеибзэм къригъэтIэсауэ.

1988 гъэ лъандэрэ Адыгейм сабийхэм папщIэ къыщыдокI «Жъогъобын» («Вагъуэбын» жыхуэтIэрщ) журналыр. ТхакIуэшхуэ МэшбащIэ Исхьэкъ зи унафэщIу къыдэкI а журналыр тхыгъэ удэзыхьэххэмкIэ, хъыбархэмкIэ, таурыхъхэмкIэ гъэнщIащ. «Вагъуэбыным» мы гъэм и 2-нэ къыдэкIыгъуэм кърихри, «Нурым» тридзащ гушыIэ кIэщIрэ «Зымыгъэзэш» псалъащхьэм щIэт сурэт цIыкIухэмрэ.

«Адыгэ махуэгъэпс» псалъащхьэм щIэту традзащ бжьыхьэпэ мазэм (сентябрым) и махуэхэхахэмрэ а мазэм къалъхуа цIыху цIэрыIуэхэмрэ уэзыгъэцIыху хъыбар кIэщIхэр.

«Жаншэрхъ» Iыхьэм хэту традза «Спорт: зэпеуэхэр, текIуэхэр» тхыгъэм дыхегъэгъуазэ спорт зэмылIэужьыгъуэхэм: самбэм, баскетболым, бэнэкIэ хуитым ди республикэм и ныбжьыщIэхэм къыщагъэлъагъуэ зэфIэкIхэм.

КъыкIэлъыкIуэ напэкIуэцIым дегъэцIыху Аушыджэр къуажэ курыт школым и ещанэ классым щIэс сурэтыщI ныбжьыщIэ Дзэмыхь Алихъан, сурэт ищIахэм ящыщи тредзэ.

«КъэщIэрей и Iыхьэм» «Жъогъобын» журналым мы гъэм и 2-нэ къыдэкIыгъуэм кърихыжри тридзащ физикэ, математикэ щIэныгъэхэмкIэ кандидат Андырхъуей Хьэзрэталий игъэхьэзыра тхыгъэр - бжыгъэшхуэхэм тепсэлъыхьыр.

Мы къыдэкIыгъуэм «Нурым и гъуджэм» къощ Налшык 31-нэ школым и 4-нэ классым щеджэ, шылэхьэпIацIэм тхыпхъэщIыпхъэ гъэщIэгъуэнхэр, хьэпшып цIыкIу зэмылIэужьыгъуэхэр къыхищIыкIыну зыфIэфI Уэрдэщ Камиллэ.

**АБЗУАН Пщымахуэ.**

**2015 гъэр Литературэм и илъэсщ. Прохладнэ щIыналъэм ит библиотекэхэм абы траухуащ «Къэбэрдей-Балъкъэр литературэм - дунеяплъэ» зыфIаща Iуэхур.**

**• Прохладнэ щIыналъэ**

# Литературэр я гъуазэу

ДИ ЛЪЭПКЪ литературэм и къулеягъ псом къыдэкIуэтей щIэблэр щыгъэгъуэзэным жыджэру хэтащ Прохладнэ щIыналъэм и къуажэ тхылъ хъумапIэ псори.

Екатериноградскэ жылэм дэт курыт еджапIэм и класс нэхъыжьхэм щеджэхэм папщIэ ягъэхьэзыращ КъБР-м и тхакIуэхэм ящыщу зауэ гъуэгуанэ хьэлъэм ирикIуа ЩоджэнцыкIу Алий, КIыщокъуэ Алим, Кулиев Къайсын, Геттуев Максим, Отаров Керим, Кузьмин Валентин, Гуртуев Берт сымэ ятеухуа дерс гъэщIэгъуэн. ЕджакIуэхэр хэтащ «IэдакъэщIэкI купщIафIэхэр» зыфIаща тхылъ гъэлъэгъуэныгъэми.

Солдатскэ жылэм дэт библиотекэм щекIуэкIа зэIущIэр теухуат усакIуэ гъуэзэджэ Къэшэж Иннэ. Литературэм хуагъэпса зэхуэсхэр Учебнэ, Приближнэ, Октябрьскэ жылагъуэхэми щекIуэкIащ.

**ШЭРЭДЖ Дисэ.**

# Арбитраж судым щыхоплъэ

**• ЩIыхуэхэр**

**Зэхуагъэк1уа актхэм япкъ иткIэ, токыр тезыгуашэ «Къэббалъкъкоммунэнерго» МУП-м и Iуэхутхьэбзэхэм пэкIуэу сом мелуан 232-рэ фокIадэм и 1-м ирихьэлIэу «Къэббалъкъэнерго» ПАО-м щIыхуэу къытехуащ. ЛъэныкъуитIри щIызэгурымыIуэм тещIыхьауэ, ар сом мелуан 293-рэ мэхъу. КъБР-м и Арбитраж судыр мы махуэхэм зыхуэфащэ иск тхылъхэм хоплъэ.**

КЪИЩЫНЭМЫЩIАУЭ, фэтэр куэд хъу псэупIэ унэхэм, щыIэ пщалъэхэм тету, МУП-м ярита токым хуэзэ щIыхуэу сом мелуани 145-рэ «Къэббалъкъэнерго» ПАО-м нэгъабэ хузэтрихьащ. Абы щыгъуэми, электрокъарур ирикъуу яхуиутIыпщакъым.

Республикэр токкIэ къызэригъэпэщыну зи пщэрылъ а IэнатIэм зэгурыIуэныгъэр зэримыгъэзащIэм и зэранкIэ, «Къэббалъкъкоммунэнерго»-м «Кавказ Ищхъэрэм и МРСК» компанием и щIыхуэхэр хуэпшыныжыркъым, апхуэдэу ремонт-профилактикэ лэжьыгъэхэр зэтреIыгъэ.

Илъэсрэ мазихым къриубыдэу «Къэббалъкъэнерго» ПАО-м къытехуа щIыхуэр къыIихыжын мурадкIэ, «Къэббалъкъкоммунэнерго» МУП-м иск тхылъипщIым нэс КъБР-м и Арбитраж судым иритащ.

Хъыбар зэрыщыIэмкIэ, «Шэджэмэнерго» МУП-м и щIыхуэуи сом мелуан 18 «Къэббалъкъэнерго» ПАО-м телъщ.

**АНЗОР Олег.**

Редактор нэхъыщхьэ
ХЬЭФIЫЦIЭ Мухьэмэд

Редколлегием хэтхэр
Жыласэ Заурбэч (редактор нэхъыщхьэм и къуэдзэ), ЖьэкIэмыхъу Маринэ (редактор нэхъыщхьэм и къуэдзэ), Шырдий Маринэ (редактор нэхъыщхьэм и къуэдзэ), Гъурыжь Мадинэ (жэуап зыхь секретарь), Къардэн Маритэ, НэщIэпыджэ Замирэ, Хьэжыкъарэ Алик, ЩхьэщэмыщI Изэ.

Езыгъэтхахэр
«Адыгэ псалъэ» газетыр КъБР-м и Парламентымрэ Правительствэмрэ ирагъэтхащ (учредителхэр).



КъыдэзыгъэкIхэмрэ редакцэмрэ я хэщIапIэр
360030, Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэ, Налшык къалэ, Лениным и уэрам, 5

ТЕЛЕФОНХЭР: редактор нэхъыщхьэм, секретарым - 42-56-19; редактор нэхъыщхьэм и къуэдзэхэм - 42-63-64, 47-31-54, 47-33-23; жэуап зыхь секретарым - 42-22-82; секретариатым - 42-22-66.
КЪУДАМЭХЭМ: политикэмкIэ, жылагъуэмрэ лъэпкъ IуэхухэмкIэ - 42-22-86; къуажэ гъащIэмрэ экономикэмкIэ - 42-57-59; щэнхабзэмкIэ - 42-75-36; обозревателхэм - 42-22-89; хабзэхъумэ IуэхущIапIэхэм ядэлэжьэнымкIэ - 42-60-53; хъыбарыщIэхэмкIэ, спортымрэ письмохэмкIэ - 42-22-88; егъэджэныгъэмрэ щIэныгъэмкIэ - 47-32-15; зэдзэкIакIуэхэм - 42-21-88; корректорхэм - 42-60-27; бухгалтерием - 47-31-69; ЭВМ-м и операторхэм - 42-22-84; компьютер IуэхущIапIэм -42-26-41; сурэттехым - 42-75-78.

Теддзэ тхыгъэхэм къыщыхьа бжыгъэхэм, къыщаIэта Iуэхугъуэхэм я пэжагъымкIэ ахэр зытхахэм нэсу жэуап яхь. Авторхэмрэ редакцэмрэ я Iуэху еплъыкIэр зэтехуэ зэпыту щыткъым.
Газетыр Iэ тезыдзахэм яхуэхьыныр и пщэ дэлъщ КъБР-м федеральнэ пошт зэпыщIэныгъэхэмкIэ и управленэм.
Тел.: 76-01-28, 76-01-10
Газетыр 1994 гъэм мэкъуауэгъуэм и 14-м Печатым и хуитыныгъэр хъумэнымкIэ Къэбэрдей-Балъкъэр щIыналъэ IуэхущIапIэм №Н-0065-м щIэту ятхащ.
Зы илъэсым газетыр 250-рэ къыдокI.
«Тетраграф» ООО-м щытрадзащ.
КъБР, Налшык къалэ, Лениным и уэрам, 33

*Мы къыдэкIыгъуэм елэжьахэщ:* жэуап зыхь секретарым и къуэдзэ Къаншокъуэ Эллэ, редактору Щомахуэ Залинэ, корректорхэу Щоджэн Иннэ *(1, 4-нэ нап.)*, Щоджэн Заирэ *(2, 3-нэ нап.)*. *КомпьютеркIэ газетым и теплъэр ящIащ* Дол Маринэ, Щомахуэ Марианнэ, Ныр Саидэ, Мэлбахъуэ Анжелэ, Бещто Оксанэ, *сурэтхэм елэжьар* Бицу Жаннэщ.

Номерыр «Адыгэ псалъэм» и компьютер IэнатIэм щагъэхьэзыращ.
Газетым Iэ традзэн хуейщ сыхьэт 20-м, щытрадзар сыхьэт 20.00-рщ.
Индексыр 51531 • Тираж 3.167 • Заказ №1776